

KONEKSYON

YON BILTEN ENFÒMASYON POU PARAN LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

SA KI LADAN:

- ENSKRIPSYON NAN JADENDANFAN
- PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID
- MWA POU EDIKASYON KARYÈ AK TEKNIK

FEVRIYE 2021

Bilten 13 | NIMEWO 71 |

PREKOSYON AK PRATIK SEKIRITE ELÈV YO DWE SUIV PADAN Y AP PREPARE YO POU VAKANS PRENTAN AN



“Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)” (Lekòl Leta Miami-Dade County) ap travay san fatig pou defann elèv ak fanmi yo. Depi pandemi an te kòmanse, sante ak byennèt elèv ak anplwaye te toujou pi gwo priyorite distri lekòl la. M-DCPS toujou trè dinamik nan ofri sèvis ak resous anplis aplikasyon mezi prevansyon pou adrese COVID-19 la.

Avèk Vakans Prentan an k ap apwoche e pandemi COVID-19 la k ap pèsiste, nou kontinye fè patenarya avèk ou ansanm ak kominote a an jeneral pou fè fas ak defi vizib e envizib COVID-19 la pote. Kòm prekosyon preliminè, nou ankouraje fanmi yo seryezman pou yo evite vwayaj entènasyonal pandan Vakans Prentan ki ap vivi an. Si yon fanmi ta oblije vwayaje, li ta dwe [suiiv rekòmandasyon ‘Centers for Disease Control and Prevention’s \(CDC\)’ pou moun ki ap vwayaje nan avyon](#). Nan

mwa janvye ki sot pase a, CDC te anonse yon odònans ki mande pou tout pasaje ki soti nan yon lòt peyi nan avyon pou rive Ozetazini, pou yo pran yon tès pa plis pase twa semèn avan yo vwayaje. Vwayajè yo dwe prezante bay konpayi avyon an yon rezilta negatif oubyen dokimantasyon ki montre yo te trete de COVID-19 avan yo anbake nan avyon an. Pasaje ki pa kapab prezante rezilta negatif yo pap jwenn pèmisyon pou antre nan peyi a.

Nou mande pou fanmi nou yo kontinye obsève pratik prevansyon COVID-19 yo ki se mete kouvèti pou vizaj, kenbe distans fizik e lave men souvan. Enfòmè direktè lekòl la si pitit ou a teste pozitif pou COVID-19 oubyen si li te an kontak sere avèk yon moun ki enfekte ak viris la. Annou pran angajman pou n travay ansanm pou n kenbe kominote nou an an sekirite.

TI KONSÈY SOU ENTÈNÈT POU PARAN

Ede yo ‘Pran Responsablite’ pou aprantisaj yo

<https://bit.ly/3q5cSWk>

DAT AK ENFÒMASYON ENPÒTAN

1ye fevriye - Enskripsyon Jadendanfan Komanse

26 fevriye - Lotri VPK

26 mas - Jounen Planifikasyon pou Pwofese

29 mas - 02 avril - Vakans Prentan


ENSKRIPSYON NAN JADENDANFAN POU 2021-2022

Èske pitit ou a pral gen senkan 1ye septanm oubyen avan? Li lè pou w aplike pou Jadendanfan pou ane lekòl 2021-2022 an! Menm si ou pa sèten ki kote ou pral viv nan otòn sa a, oubyen ki plan w ap genyen pou lekòl pitit ou, sekirize plas ou. Ou pa gen anyen pou w pèdi si w aplike e li pi bon pou w gen yon opsyon pou otòn nan.

Vizite Sant Akèy Vityèl la nan showupmdcps.dadeschools.net nou an pou w ka jwenn lekòl ki nan katye ou, eksplòre divès opsyon pwogram, e aprann plis konsènan kondisyon enskripsyon yo.

Pitit ou merite yon fondasyon akademik solid. Enskripsyon pou Jadendanfan ouvri kounye a pou ane lekòl 2021-2022 a!

- ★ Lekòl leta Miami-Dade County se yon distri lekòl ki fè nòt A avèk yon istwa siksè ki bay prèv li.
- ★ To gradyasyon nou pou ane lekòl 2019-2020 an te 89.6%.
- ★ Pwofesè nou yo sètifye e yo kontinye resevwa fòmasyon pwofesyonèl.
- ★ Lekòl nou yo, ki gen akreditasyon 'AdvancED', devwe pou swen, edikasyon, aprantisaj, pwogrè ak devlopman jèn timoun yo.
- ★ Nou bay priyorite ak sante, sekirite, ak byennèt elèv ak anplwaye.



Kindergarten
2021-2022

Aprann plis nan
showupmdcps.dadeschools.net



M-DCPS ONORE VIKTIM MARJORY STONEMAN DOUGLAS YO AVÈK YON JOUNEN LANMOU AK JANTIYÈS



Pou komemore twazyèm anivèsè trajedi Lekòl Segondè Marjory Stoneman Douglas la, "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) rankontre ak vwazen li yo nan Broward, ansanm ak distri lekòl atravè peyi a, pou onore lavi viktim sa yo ki te pèdi. Tout distri a te obsève yon moman silans a 10:17 dimaten, Vandredi 12 fevriye. Inisyativ M-DCPS 'Valè Enpòtan nan Miami' pral

konsantre sou jantiyès pandan mwa sa a e nou mande tout lekòl yo pou pwomote "Love and Kindness Day" (Jounen Lanmou ak Jantiyès) nan jou fèt Sen Valanten an. Pami aktivite yo te genyen yon Espas Jantiyès, Fè Lachas Trezò Jantiyès, yon Chèn Jantiyès, ak yon Pyebwa Jantiyès. Anplis, Depatman Sante Mantal Distri a bay chak lekòl resous ak sèvis ki sipòte efò sante mantal elèv yo.

EVÈNMAN SOU ENTÈNÈT POU KONPLÈTE APLIKASYON 'FREE APPLICATION FOR FEDERAL STUDENT AID (FAFSA)'

DAT Atelye Sou ENTÈNÈT YO

14 Avril	2021
12 Me	2021

Chak ane gouvènman federal la bay plis pase \$150 milya dola nan èd finansye pou kolèj oswa lekòl pwofesyonèl yo. Elèv yo dwe ranpli

'Free Application for Federal Student Aid (FAFSA)' (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv) pou aplike pou èd sa a. Depatman Sèvis Elèv nan

Lekòl Leta Miami-Dade County ap kolabore avèk 'Miami Dade College' pou ofri asistans nan ranpli aplikasyon FAFSA nan tout konte a atravè yon seri evènman sou entènèt. Atelye sou entènèt sa yo ap bay elèv yo opòtinite pou ranpli aplikasyon an, resevwa sipò pratik nan men ekspè nan èd finansye, poze kesyon, epi rezoud nenpòt pwoblèm aplikasyon an prezante. Atelye sou entènèt sa yo ap fèt pandan plizyè mèkredi jiska jen, apati 5:30 diswa. Pou enskri, nou invite fanmi yo vizite <http://your.mdc.edu/mdcmdcpsfafsacompetitionseries2021.DATES>

YO NONMEN TERESA MURPHY MEYÈ PWOSESÈ M-DCPS POU ANE A, NERISSA MANELA SE MEYÈ PWOSESÈ DEBITAN POU ANE A



Teresa Ellen Murphy



Nerissa Manela

Enspirasyon Teresa Ellen Murphy nan ansèyman trè senp – se elèv li yo nan Spanish Lake Elementary School. Pwofesè veteran sa a ki gen 27 ane depi l ap anseye nan 3èm ane eskolè, yo nonmen li kòm Meyè Pwofesè Francisco R. Walker nan Miami-Dade County pou Ane 2022 a nan yon seremoni sou entènèt ki te difize an dirèk 4 fevriye 2021.

Anseye se yon pasyon Murphy genyen pou tout lavi li, li menm ki kwè elèv yo dwe gen kontwòl sou edikasyon yo pou yo ka atenn tout kapasite yo. Li te kreye yon “Home Learning Organizational Chart” (Tablo Oganizasyonèl Jounalye pou

Aprantisaj Lakay) pou elèv ak paran

kapab suiv e reflechi sou travay yo. Li vle gen yon enpak sou lavi elèv yon fason pou 20 ane apre, yo demontyre rekonesans pou jantiyès, konpreyansyon ak atansyon espesyal yo te resevwa. Se sa ki te pase resamman, lè l te resevwa envitasyon yon ansyen elèv li nan jadendanfan pou gradyasyon li kòm avoka.

Murphy se toujou premye pwofesè ki pataje nouvo pratik ak teknoloji avèk kolèk li e ki itilize ladrès li nan analiz done ak ekri demand pou sibvansyon pou pote inovasyon ak amelyorasyon nan eksperyans aprantisaj la.

Li enplike elèv li nan pwojè sèvis piblik takou koleksyon jwèt pou sanzabri ak jèn, e li kreye sansibilizasyon konsènan

prevansyon aksidan serebral, piske li menm li te soufri maladi sa a an 2012. Ane sa a, pandan li t ap fè fas ak lòt pwoblèm sante, li demontre elèv li yo puisans detèminasyon, pozitivite, ak pèsèverans. Devlope konpasyon, sitwayènte ansanm ak yon sans kominote se objektif li – paske “bon moun” gen menm siyifikasyon ak “bon elèv.”

Moun ki vin an dezyèm pozisyon an se Yolette Mezadiou nan Lekòl Segondè Miami Edison.

Yo nonmen Nerissa Manela, yon pwofesè mizik nan Morningside K-8 Academy, Meyè Pwofesè Debitan pou Ane 2021 an. Pandan li dekri tèt li kòm yon moun ki detèmine, lè l te gen sizan, Manela sonje li te mande paran li pou yo fè l pran leson vyolon. Se grasa enstriman mizikal sa a li gen yon karyè. Pandan l ap kiltive apresyasyon pou ar e dekouvri talan ki kache yo, li entwodui elèv li yo tou nan divès kalite mizik ak kilti.

Erica Echeverri nan TERRA Environmental Research Institute pran dezyèm plas la.

PLAN PEYE DAVANS POU KOLÈJ NAN FLORID



Pandan ane ki sot pase a te pote anpil dout, sa ki sèten sèke genyen yon bonjan estrateji ki pèmèt paran ekonomize lajan pou kolèj ki kounye a pral ede pitit ou ki pral gradye nan kolèj pou li evite tètchaje ki genyen lè elèv prete lajan pou peye kolèj. Lè sa gen pou wè ak ekonomize lajan pou kolèj, pi bonè yon fanmi kòmanse ekonomize, se mwens lajan l ap gen pou peye pa mwa. Plan Peyè Davans pou Kolèj nan Florid te kòmanse peryòd anwolman anyèl li a avèk plan ki ofri frè eskolarite ki peye davans pou yon varyete bidjè. Avèk Plan Peyè Davans Florid la, fanmi ka bloke

frè eskolarite y ap gen pou peye pou kolèj nan lavni. Peryòd enskripsyon an ouvri pou jiska 30 avril 2021 avèk plan ki kòmanse a \$45 pa mwa. Nou ankouraje paran pou yo itilize zouti ki kalkile pri pou Plan Peyè Davans sou entènèt la pou eksplòre divès opsyon plan peman. Kòmanse planifye pou yon meyè avni lè w kòmanse ekonomize pou kolèj jodi a! enskri jodi a nan vizite myfloridaprepaid.com. Itilize kòd MIAMI21 pou enskripsyon gratis jiska 28 fevriye, oubyen fè rabè \$25 dola soti nan premye mas jiska 30 avril.



Pandan Mwa CTE a, M-DCPS ap pwomote akademi karyè, sètifikasyon endistriyel, patisipasyon nan estaj, anwolman doub ansanm ak lòt opòtinite preparasyon pou kolèj ak karyè. Aktyèlman, genyen 104,073 elèv ki enskri nan CTE nan lekòl K-12 Miami-Dade yo. Gen anviwon 2,072 elèv ki te konplete Pwogram Estaj pou Jèn nan Ete a avèk 57 lekòl segondè e patisipasyon 594 founisè pwogram estaj.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram CTE ki disponib nan M-DCPS, vizite: <http://dcte.dadeschools.net>.

REYINYON KOMISYON KONSÈY LÈKÒL

10 mas
10:00 dimaten
Odyans Piblik sou
Materyèl Enstriksyonèl

17 mas
10:00 dimaten
Reyinyon Regilye

Yon edikasyon ki baze sou karyè ak teknoloji ap pouse yon timoun pou mete l devan yon elèv mwayen piske l ap ba li ladrès akademik, teknik ak ladrès travay ki nesèsè pou reyisi nan lavi.

“Career and Technical Education (CTE)” (Edikasyon karyè ak Teknik) alavangad nan prepare elèv pou yo “College and Career Ready” (Pare pou Kolèj ak Karyè). Pwogram ak kou nou ofri nan Lekòl Leta Miami-Dade County (M-DCPS) entegre ak avèk etid akademik pou kreye yon kourikoulòm ki aplikab e rijid. Pwogram CTE yo pi rijid akademikman pase sa ki te egziste nan jenerasyon avan an e gen anpil ki konsantre sou domèn ki kòmanse avèk STEM, Jeni, Dwa, Ospitalite ak Finans e nan lavni, yo mennen nan yon etid apre lekòl segondè, nan edike elèv nan plis pase 70 opsyon karyè ki baze sou 16 sijè oubyen “Career Clusters®” (Karyè ki Gwoupe Ansanm).

M-DCPS ofri pwogram ak kou CTE pou elèv yo sizyèm rive uityèm ane eskolè, ansanm ak elèv lekòl segondè, kolèj teknik apre lekòl segondè, ansanm ak sant edikasyon pou adilt. Nou entwodui elèv yo nan pwogram CTE yo depi nan lekòl mwayen atravè kou eksploratwa ak kou inisyasyon, ki fèt pou estimile enterè yo nan aprantisaj konsènan gwoup sijè ki gen rapò ak karyè e chemen karyè. Elèv lekòl segondè yo kapab etidye CTE tou kòm elèv ki enskri alafwa nan Kolèj Teknik M-DCPS yo oubyen nan kou inivèsitè.

Pandan tout mwa fevriye a, M-DCPS ap selebre mwa CTE a avèk objektif final ki se ogmante konsyantizasyon paran elèv yo sou pwogram ak akademi CTE yo kòm pwogram ki konekte avèk ladrès siperyè, bonjan salè, ak devlopman pwofesyonèl. Plis pase 92 pousan elèv lekòl segondè Ozetazini enskri nan CTE.

MEDYA SOSYAL



@MDCPS
@EscuelasMDCPS
@MiamiSup




@MiamiSchools
@AlbertoMCarvalho1



@MiamiSchools
@MiamiSup



@MiamiSchools



www.dadeschools.net

Rete konekte avèk Lekòl Leta Miami-Dade County. Asire w ou suiv nou sou medya sosyal yo pou dènye nouvèl ak enfòmasyon konsènan distri lekòl la. #MDCPSConnects

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Perla Tabares Hantman, Chèmann	Marí Tere Rojas
Doktè Steve Gallon III, Vis Chèmann	Luisa Santos
Lucia Baez-Geller	Alberto M. Carvalho
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall	Sipèntandan Lekòl yo
Christi Fraga	María Martinez
Doktè Lubby Navarro	Konsèye Elèv nan Komisyon Konsèy Lekòl la
Doktè Marta Pérez	

Se yon Pwodiksyon Office
Biwo Kominikasyon
ak Angajman Kominotè

Daisy González-Diego
Ofisye Anchèf Kominikasyon
ak Angajman Kominotè